# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

पूर्व प्रधानमंत्री मनमोहन सिंह क बीतल राति भइल सरगबास के बाद से पूरा देश में सोक क लहरि हौ। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली में पूर्व प्रधानमंत्री के उनके आवास पर सरधांजलि दिहले हवें। बाद में एगो वीडियो सनेसा में श्री मोदी कहले कि पूर्व प्रधानमंत्री डाक्टर मनमोहन सिंह के निधन पर पूरा राष्ट्र सोक में हौ। उहां के कहलीं कि उनकर जिनगी आवे वाला पीढ़ी बदे एगो मिसाल हौ, कि लोगि कवने तरियन संघर्ष से उबरत उपलब्धियन के ऊंचाई पर पहुंचि सकेले। केंद्रीय मंत्री अमित शाह, जे पी नडडा, राजनाथ सिंह, ज्योतिरादित्य सिंधिया अउर कांग्रेस क पूर्व अध्यक्ष सोनिया गांधी, लोकसभा में बिपक्ष के नेता राहुल गांधी, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे ओह नेता लोगिन में सामिल हवे, जवन पूर्व प्रधानमंत्री के निवास पर जा के ओन्हे फूल चढ़वले। कांग्रेस सूत्रन के हिसाबि से पूर्व प्रधानमंत्री क पार्थिव सरीरि बिहने राष्ट्रीय राजधानी में कांग्रेस मुख्यालय पर ले आवल जाइ, जहवां लोगि उन्हें सरधांजलि दीहें। उनकर अंतिम संस्कारों बिहने कइले क ओम्मेद हौ। ओहर प्रदेस सरकार पूर्व प्रधानमंत्री के सरगबास पर सात दिन क राजकीय सोक क घोषणा कइले हवे। येह दौरान सज्जों सरकारी भवन पर राष्ट्रीय ध्वज आधा झुकल रही।

**********

प्रदेस सरकार रामनगरी अयोध्या के भगवान राम के वन गमन पर आधारित एगो पंचवटी द्वीप क सौगात देवे जा रहल हौ। एकरे बदे सरजू नदी के लग्गे जमथरा घाट पर निलयम पंचवटी द्वीप बनावल जा रहल हौ। पर्यटन के देखत सरधालुअन बदे टेंट सिटी, फूड हब अउर लइकन के मनोरंजनों बदे अउरियों सुविधा उपलब्ध करावल जाइ। निलयम पंचवटी द्वीप में आवे वाला पर्यटकन के प्रभु राम के जीवन चरित से जुड़ल कई गो प्रसंग क जनकारी दिहल जाइ। अयोध्या विकास प्राधिकरण के वीसी अश्वनी पांडे अउर निलयम पंचवटी द्वीप क प्रॉजेक्ट मैनेजर यादवेंद्र बतउलें कि द्वीप के बनावे पर करीब सौ करोड़ रूपिया क खरच आइ अउर ई पचहत्तर एकड़ में बनि के तैयार हो रहल हौ।

**********

कुशीनगर जिला में सी.एस.सी. ई–गवर्ननेंस के तहत सी.एस.सी. संचालकन के आजु एन.पी.एस. क ट्रेनिंग दिहल गइल। जेहमें जिला क सौ से बेसी संचालक सामिल भइले। जिला प्रबंधक गौरव पांडेय बतउले कि राष्ट्रीय पेंसन योजना, सज्जों गैर सरकारी मनई खातिर बुढ़ापे क सहारा हौं येहि बदे सज्जों मनई जवन सरकारी नोकरी में नाही हवे ओन्हें एकर पंजीकरण करा लेवे के चाही। जेह से बुढ़ापा में खुद के खरचा खातिर आत्मनिर्भरता बनल रहे।

**********

बनारस के मणिकर्णिका घाट पर आजु नमामि गंगे क स्वयंसेवी सदस्य स्वच्छता अभियान चला के लोगिन के साफ सफाई क महातम समझउलें। गंगा सेवक राजेश शुक्ला कहलें कि स्थानीय नागरिकन के साथे गंगा के सफाई में पर्यटक लोगि के जुड़ल एगो खास कड़ी हौ। पौराणिक सांस्कृतिक नगरी कासी में आवे वाले पर्यटक स्वच्छता अभियान से जुड़ि के गंगा के निर्मलीकरण में सहजोगी बनि सकेलें।

**********

मकर संक्रांति के ले के गोरखनाथ मंदिर में लगे वाला खिचड़ी मेला में करीब साठ फीसदी दुकान अउर मनोरंजन क साधन लगि गइल हौ। नया साल के पहिले दिन्न से लोग खिचड़ी मेला का जम के आनंद उठइहें। मेला में करीब एक हजार छोट अउर बढ़हन दुकानदार दुकान लगा रहल हवे।

**गोरखनाथ मंदिर में मकर संक्राति महापर्व को लेकर एक महीने तक लगने वाले खिचड़ी मेले की तैयारी जोरो से चल रही है। मनोरंजन के साधन सहित विभिन्न आइटम तेजी से लगाये जा रहे है। कुछ ही दिन पहले प्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने मेले की तैयारी की समीक्षा कर अधिकारियों को आवश्यक दिशा निर्देश दिये थे। जिससे श्रद्धालुओं को किसी की प्रकार की असुविधा न होने पाये। मेला एक जनवरी को ड्राइगन के साथ शुरू कर दिया जाएगा। आकाशवाणी समाचार के लिए गिरीश नारायण चौबे गोरखपुर।**

मेला में सरकारी स्टॉल एक जनउरी के बाद लगावल सुरू हो जाइ। जगह–जगह सीसीटीवी केमरा श्रद्धालुओं के सुरक्षा के लेके लगावल जाइ। जगह–जगह कउड़ो क व्यवस्था रही।

**********

पश्चिमी उत्तर प्रदेस के कइ गो जिला में आजु भइल बरखा से ठंडी बढ़ि गइल हौ। बागपत, अमरोहा, गाजियाबाद, शामली के सथहीं आसेपासे क अउरियों जिलन में आजु भिन्नहिये से रूकि रूकि कर हो रहल बरखा से तापमान में गिरावट दरज कइल गइल। ओहर मुजफ्फरनगर में जिलाधिकारी बढ़ल ठंण्डी अउर बरखा के देखत बिहने कक्षा एक से आठवी ले क सज्जों स्कूल में छुट्टी घोसित कइ दिहले हवे। मौसम विभाग पूर्वी अउर पश्चिमी उत्तर प्रदेस के कई गो जिला में आजु अउर बिहने गरज चमक के साथे बरखा अउर कुहेसा परले का आगम जतउले हवे।

**********